




Pinisyon

 Adelheid Marie Bwire

 Melany Pietersen

 ACE Haiti-University of Notre Dame USA

 2

 krèyol ayisyen ht



Yon jou manman'm rive ak anpil fwi.



Nou mande manman nou “Kilè nou ka maje yon ti fwi?” Manman’m reponn nou “Nou pral manje fwi sa yo pita, aswè an.



Frè'm ki rele Rahim renmen bouch li anpil. Li goute nan tout fwi yo enpi lo manje anpil nan yo.



Ti frè'm rele "Gade sa Rahim fè!". Mwen di
"Rahim ou se yon vakabon, ou egoyis".



Manman'm pa te kontan ak Rahim.



Nou te fache ak Rahim tou. Men, Rahim pa janm regrèt anyen.



Ti frè'm mande manman'm « Ou pa pral pini
Rahim? »



Manman'm avèti Rahim "Rahim, nan yon tibout tan ou pral regrèt sa ou fè ».



Rahim kòmanse santi'l malad.



“Vant mwen ap fè'm mal,” Rahim di tout ba.



Manman'm te konnen sa ta pral rive. Fwi yo
pini ou Rahim!



Après sa a, Rahim vin mande nou padon. Li pwomèt nou "Mwen pap janm visye konsa ankò". Nou tout kwè Rahim.



Global Storybooks

globalstorybooks.net

Pinisyon

 Adelheid Marie Bwire

 Melany Pietersen

 ACE Haiti-University of Notre Dame USA

